



Pou Piblikasyon Imedya: 05/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ELAJI MANDA SOU VAKSEN AN POU AJOUTE PÈSONÈL NAN ETABLISMAN LOPITAL OMH AK OPWDD YO

### *Egzije anplwaye lopital sikyatrik OMH yo ak lopital espesyalize sètifye OPWDD yo pou pran omwen yon vaksen jiska 1ye novanm*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plan pou elaji manda sou vaksen pwofesyonèl swen sante a pou ajoute anplwaye yo k ap travay nan kèk etablisman ki ofri swen sante bay moun Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) ak Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmanal (Office of for People with Developmental Disabilities, OPWDD) yo sèvi. Nan kad nouvo direktiv la, pèsonèl k ap travay nan etablisman ki trete kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab yo pral gen obligasyon montre prèv omwen premye dòz nan seri vaksen COVID-19 la jiska 1ye novanm, san opsyon tès. Anvan egzijans sa a, pèsonèl nan etablisman sa yo ap gen obligasyon pou soumèt tès chak semèn, si yo pa vaksinen, apati 12 oktòb.

"Egzijans yo pou vaksen an fonksyone fè moun yo fè sa ki kòrèk la, epi tout pwofesyonèl nan etablisman sante yo dwe pran tout prekosyon debaz kont COVID-19 la, sa gen ladan vaksen an, pou yo pa pwopaje viris la pami moun k ap vini pou tretman", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou gen yon obligasyon pou pwolonje asirans sa a pou sila yo ki bezwen resevwa sèvis sante mantal ak swen espesyal, se poutèt sa n ap fè vaksen an vin obligatwa pou tout pèsonèl k ap travay nan etablisman sa yo ki tonbe anba jiridiksyon Eta a".

Egzijans vaksen an ki te antre anvigè nan 27 septanm lan te aplike sèlman pou pèsonèl ki kouvri nan sant yo ke Depatman Sante (Department of Health, DOH) a règleman, sa gen ladan tout lopital ak mezon retrèt yo. Nan 7 oktòb, egzijans vaksen an pral antre anvigè pou pèsonèl ki kouvri nan etablisman sipleman yo ke Depatman Sante a règleman, sa gen ladan etablisman swen pou adilt, ajans sante adomisil, pwogram swen sante alontèm, pwogram swen adomisil pou SIDA, swen palyatif ak sant dyagnostik ak tretman yo.

Nouvo egzijans sa a, ki etabli nan règleman ajans OMH ak OPWDD yo pral aplike pou tout moun k ap travay nan lopital sikyatrik yo nan rezo OMH la, ansanm ak sila yo k ap travay nan lopital espesyalize ke OPWDD sètifye.

Gouvènè Hochul planifye kontinye elaji egzijans vaksen an nan etablisman sèvis sosyal ak swen ijyèn mantal yo nan semèn k ap vini yo, pandan n ap pran tout mezi nesèsè pou asire nivo pèsonèl yo kontinye rete apwopriye atravè sistèm sèvis sila yo.

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare,** "Anpil moun OMH sèvi gen kondisyon medikal kache ki rann yo pi vilnerab pou viris COVID-19 la. Vaksen an te pwouve li sekiritè ak efikas epi pral pwoteje pasyan ak anplwaye nou yo ansanm ak fanmi ak kominote nou yo Mwen egzòte tout moun pou pran vaksen an epi mwen aplodi Gouvènè Hochul dèske li pwolonje manda a".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)